

**DIKSI SAJRONE CERKAK
ING ANTOLOGI *LINTANG ALIT*
ANGGITANE SUMONO SANDY ASMORO**

FATIMATUZ ZAHRO

Mahasiswa S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Surabaya, email : zamitaf94.fz@gmail.com

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dosen S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Crita cekak mujudake karya sastra kang awujud gancaran, kang asipat fiksi, kang critane dicritakake sarwa ringkes. Cerkak bisa narik kawigatene pamaca krana cerkak ora mbutuhake wektu kang akeh anggone maca. Basa kang ana sajrone cerkak, ora mung nggunakake basa lumrah wae nanging uga nggunakake basa kang endah lan bisa aweh nilai estetik. Miturut Teeuw (1984:1) ngandharake, menawa karya sastra iku kalebu saka salah sawijine wujud seni kang nggunakake basa minangka pirantine. Basa kang digunakake sajrone karya sastra ora mung nganggo basa lumrah utawa padinan nanging uga nganggo basa endah kang ngandhut pamilihe tembung (diksi) utawa lelewane basa. Basa kang endah mujudake basa kang ora lumrah digunakake ing saben dina. Basa kang endah mujudake basa kang ngemu kekeparepan panganggit. Semono uga basa kang digawe sajrone antologi cerkak *Lintang Alit* anggitane Sumono Sandy Asmoro, antologi kasebut minangka objek panliten iki kanthi nggunakake titingan stilistika.

Lelandhesan panliten kasebut dadi dhasar anane underan panliten iki, yaiku (1) kepriye wujud diksi sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA?, (2) kepriye milih sumber diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA?, (3) kepriye sipate diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA?.

Panliten ngenani pamilihe tembung sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA mujudake sawijine panliten kang asipat sinkronis lan jinis dheskriptif. Dhata kang digunakake yaiku dhata kang arupa tembung, frasa, klausa, ukara kang ana sajrone cerkak antologi LA lan sumber dhata panliten iki yaiku cerkak ing antologi LA. Instrumen utama kang digunakake yaiku panliti ing panliten iki dhewe. Instrumen kang dadi panyengkuyung panliten iki yaiku piranti kang arupa buku, pulpen, laptop, lsp. Carane njlentrehake dhata sajrone panliten iki, yaiku nggunakake teknik waca, cathet lan studi kapustakan. Carane njlentrehake dhata sajrone panliten iki, yaiku migunakake metode analisis kualitatif deskriptif. Dene, tata cara panulisane asile panliten kanthi informal.

Asil panliten kang kapisan, ngenani wujud diksi sajrone cerkak ing antologi LA kang ngasilake rong cara ing antarane (1) *konvensional*, lan (2) *inkonvensional*. Asil panliten kang kapindho, ngenani sumbere diksi cerkak ing antologi LA diperang dadi loro, yaiku (1) ragam ngoko (2) ragam krama. Wujud diksi kang asring digunakake dening panganggit kanthi cara *konvensional* yaiku arupa tembung entar lan pepindhan. Dene kanthi cara *inkonvensional* asring nggunakake tembung basa Indonesia dipeksa dadi tembung basa Jawa. Sumbere diksi sajrone antologi LA asring nggunakake ragam ngoko. Asil panliten kang pungkasan utawa katelu, ngenani sipate diksi sajrone cerkak ing antologi LA diperang dadi telu, yaiku (1) sosial, (2) spiritual lan (3) estetis. Sipat diksi kang asring digunakake dening panganggit yaiku sipat sosial lan sipat estetis.

Tembung wigati : diksi, cerkak, stilistika

Abstrak

Cerita pendek merupakan karya sastra yang berbentuk prosa, yang bersifat fiksi yang ceritanya diceritakan dengan ringkas. Cerpen bisa menarik perhatian pembaca karena cerpen tidak membutuhkan waktu banyak untuk membacanya. Bahasa yang digunakan dalam cerpen tidak hanya menggunakan bahasa sehari-hari saja tetapi juga menggunakan bahasa yang indah dan bisa memberi nilai estetis. Menurut Teeuw (1984:1) mengatakan, karya sastra termasuk salah satu bentuk seni yang menggunakan bahasa sebagai alatnya. Bahasa dalam cerpen tidak hanya menggunakan bahasa sehari-hari saja tetapi juga menggunakan bahasa yang indah dan mengandung diksi serta gaya bahasa. Bahasa yang indah merupakan bahasa yang tidak biasa digunakan dalam sehari-hari. Bahasa yang indah merupakan bahasa yang mengandung keinginannya pengarang. Begitu juga bahasa yang dibuat dalam antologi cerpen

Lintang Alit pengarang Sumono Sandy Asmoro, antologi tersebut sebagai objek penelitian ini dengan menggunakan kajian stilistika.

Latar belakang penelitian tersebut menjadi dasar adanya Rumusan masalah penelitian ini, yaitu (1) bagaimana bentuk diksi dalam cerpen di antologi LA karya SSA?, (2) bagaimana pengarang memilih sumber diksi dalam cerpen di antologi LA karya SSA?, (3) bagaimana sifatnya diksi dalam cerpen di antologi LA karya SSA?.

Penelitian mengenai diksi dalam cerpen pada antologi LA karya SSA merupakan salah satu penelitian yang bersifat sinkronis dan jenis penelitian deskriptif. Data yang digunakan dalam penelitian ini yaitu data yang berupa kata, frasa, klausa, kalimat, dll. Sumber data yang digunakan dalam penelitian ini yaitu cerpen yang ada dalam antologi LA karya SSA. Instrumen utama penelitian ini yaitu peneliti itu sendiri. Instrumen pendukung dalam penelitian ini yaitu buku, bulpen, laptop, dll. Caranya mengumpulkan data di penelitian ini, yaitu menggunakan teknik membaca, catat dan kapustaka. Caranya menganalisis data dalam penelitian ini, yaitu menggunakan metode analisis kualitatif deskriptif. Sedangkan caranya menyuguhkan hasil analisis data menggunakan cara informal.

Hasil penelitian yang pertama, tentang bentuknya diksi dalam cerpen di antologi LA yang menghasilkan dua cara diantaranya (1) *konvensional*, dan (2) *non-konvensional*. Hasil penelitian yang kedua, tentang sumber diksi dalam cerpen di antologi LA karya SSA dibagi menjadi dua, yaitu (1) ragam ngoko, dan (2) ragam Krama. Bentuk diksi yang sering digunakan oleh pengarang dengan cara konvensional yaitu berupa tembung entar dan pepindhan. Sedangkan dengan cara inkonvensional yaitu sering menggunakan kata bahasa Indonesia dipaksa jadi kata bahasa Jawa. Sumbernya diksi yang sering digunakan dalam antologi LA adalah menggunakan ragam ngoko. Hasil penelitian yang terakhir atau ketiga, tentang sifatnya diksi dalam cerpen di antologi LA dibagi menjadi tiga, yaitu (1) sosial, (2) spiritual dan (3) estetik. Sifat diksi yang sering digunakan oleh pengarang adalah sifat sosial dan estetik.

Kata kunci : diksi, cerpen, stilistika

PURWAKA

Landhesane Panliten

Basa minangka sarana kang digunakake manungsa kanggo sesambungan karo manungsa liyane. Lumantar basa, manungsa bisa medharake rasa pangrasa, saengga apa kang dikarepake bisa dimangerteni manungsa liyane. Kanthi anane basa, manungsa bisa ngandharake rasa seneng, susah, kuciwa, utawa prihatin kanthi cara lesan utawa tulisan. Miturut Ratna (2009:148) basa minangka medhium utawa sarana kanggo sastra, lan ora ana sastra tanpa basa. Sajrone kasusastran, basa minangka piranti kanggo medharake ide-ide utawa gagasan kanthi paugeran tartamtu, kayata migunakake diksi. Basa sastra nduweni saperangan titikan kayata nggunakake basa *emotif*, asipat konotatif, *bergaya (berjiwa)*, lan *ketidaklangsungan ekspresi*, beda karo basa nonasastra, mligine basa ilmiah kang asipat rasional, denotatif, maneka warna fungsi medhiyasi, lan emosionalitas.

Keraf (2010:24) ngandharake yen diksi yaiku minangka sawijine cara kanggo milah tembung kanthi teges kang trep lan cocog kanggo medharake sawijine ide utawa gagasan tartamtu saka sawijine panulis. Diksi sajrone karya sastra bisa diteliti nganggo tindingan stilistika. Sudjiman (1993:2) ngandharake yen pengkajian basa lan gayane sawijine karya sastra diarani minangka tindingan stilistika.

Karya sastra kang dadi objek panliten iki, yaiku arupa antologi cerkak anggitane Sumono Sandy Asmoro kanthi irah-irahan *Lintang Alit*. Panliten ngenani diksi wus tau diteliti, kayata panlitene Yahya, Aditya lan liya-liyane kang ngrembug babagan

pamilihe tembung lan lelwane basa sajrone novel, lan guritan. Dene panliten diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA durung tau diteliti. Panliten sadurunge kang diteliti yaiku pamilihe tembung lan lelwane basa sajrone karya sastra kanthi umum, ora mligi kang munjerake pamilihe tembung (diksi). Panliten sadurunge uga akeh-akehe nggunakake karya sastra Jawa modern kang arupa geguritan, novel lan crita sambung. Kanthi adhedhasar andharan kasebut isih durung akeh panliten ngenani diksi sajrone antologi cerkak.

Underane Panliten

Perkara kang arep dionceki ing panliten iki, ing antarane yaiku:

- 1) Kepriye wujud diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA?
- 2) Kepriye panganggit milih sumber diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA?
- 3) Kepriye sipate diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA?

Ancase Panliten

Ancase panliten iki, ing antarane yaiku:

- 1) Ngandharake wujud diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA.
- 2) Ngandharake sumber diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA.
- 3) Ngandharake sipate diksi sajrone cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane SSA.

Paedahe Panliten

Panliti nganakake panliten iki nduweni pangajab supaya panliten iki bisa menahi paedah tumrap pamaca. Paedah teoretis asile panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakakakes sastra Jawa modern kang wis ana sadurunge. Asile panliten iki uga bisa menahi sumbangsih tumrap pangrembakane diksi basa Jawa. Paedah praktis asile panliten iki, ing antarane yaiku asile panliten iki diajab supaya bisa nambahi wawasan lan kawruh luwih jero ngenani karya sastra basa Jawa mligine ing babagan diksi.

Watesane Panliten

Panliten iki njlentrehake winates ing babagan diksi sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA. Watesan-watesan iki nduweni ancas supaya ing tembe mburine ora ana bab kang nggrambyang lan bisa ditintangi kanthi cetha.

Panjlentrehane Tetembungan

Tetembungan-tetembungan wigati kang digunakake ing panliten iki dijlentrehake ing ngisor iki.

1) Stilistika

Stilistika yaiku Ilmu kang gegayutan klawan lelewane basa. Sajrone bidhang basa lan sastra stilistika yaiku cara-cara panganggone basa kang khas saengga nuwuhake *efek* tartamtu kang gegayutan klawan aspek-aspek kaendahan (Ratna, 2009:167).

2) Diksi

Diksi yaiku tembung-tembung kang dipilih lan disusun saengga tegese bisa nuwuhake *imajinasi estetik* (Barfield sajrone Pradopo, 2005:54).

3) Crita Cekak

Karya sastra kang awujud gancaran, asipat fiksi, kang critane dicritakake kanthi cekak (Najid, 2009:21).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Panliten kang saemper ing panliten iki yaiku Suratmi (2004) kanthi irah-irahan *Diksi dan Gaya Bahasa dalam Novel Temlawung Karya Dhiyajeng Nanik (Kajian Stilistika)*, Diana Yusuf (2005) kanthi irah-irahan *Diksi dan Gaya Bahasa dalam Antologi Geguritan Medhitasi Alang-Alang Karya Widodo Basuki*, Yahya Fachrudin (2010) kanthi irah-irahan *Pamilihing Tembung lan Lelewane Basa ing Antologi Geguritan Panuwuning Urip Anggitane David Harjono (Tintingan Stilistika)*, Aditya Kurnia Dewi (2013) kanthi irah-irahan *Raras Ruming Tetembungan*

sajroning Crita Katresnan Novel Suminar Reriptane Tiwiek SA, Rosidian Septia Rini (2015) kanthi irah-irahan Pamilihe Tembung sajrone Guritan ing Antologi Ngeluk Duwung Nggelung Gunung Anggitane Rohmat Djoko Prakosa.

Diksi

Wujude diksi ing panliten iki dilakokake kanthi rong cara yaiku kanthi cara konvensional lan *inkonvensional*. Wujude diksi kanthi cara *konvensional* yaiku tembung entar, paribasan lan pepindhan. Tembung entar yaiku Teges asline owah kanthi teges anyar kang isih ana sesambungane karo tembung wiwitane (Padmosoekotjo, 1953:35). Paribasan yaiku unen-unen kang ajeg panganggone (ora kena diowahi utawa diganti), ora ngemu surasa pepindhan, lan mawa teges entar (Padmosoekotjo, 1953:34). Miturut Widada, Ikk. (2009:556) pepindhan yaiku tetiron, irib-iribane wujud, watak, lan sapanunggalé samubarang siji lan liyane kang katandhingake. Wujude pepindhan ana papat, yaiku bebasan, sanepa, saloka lan candra.

Miturut Padmosoekotjo (1953:39) bebasan yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan, nanging kang dipindhahake kahanan utawa sipate wong kanthi sarana pepindhan, mesthi wonge uga katut sajrone pepindhan, nanging kang luwih ditengenake yaiku kahanan lan tindak-tanduke wong. Saloka yaiku tetembungan kaya dene paribasan nanging ngemu surasa pepindhan utawa pepadhan (Widada, Ikk. 2011:634). Sanepa yaiku tetembungan minangka pepadhan, pepindhan (Widada, Ikk. 2011:637). Candra minangka reroncene ukara kang nggambarake sawenehe wujud candra utawa perangan awak utawa sipat sarana pepindhan.

Wujud diksi kanthi cara *inkonvensional* dilakokake kanthi cara uwal saka konvensi kanga ana. Carane panganggit uwal saka *konvensi* kang wis ana yaiku kanthi cara uwal saka struktur sintaksis. Sintaksis yaiku ilmu linguistik kang ngandharake tembung-tembung ing frasa utawa ukara sajrone basa lan pangucapan kanthi nggunakake aturan-aturan tartamtu ing basa kang digunakake.

Sumber kang digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake ragam basa ngoko lan krama. Ragam ngoko yaiku wujud unggah-ungguh basa Jawa kang nduweni titikan yaiku nggunakake leksikon ngoko. Ragam basa ngoko diperang dadi loro yaiku ngoko lugu lan alus. Ragam krama yaiku wujud unggah-ungguh basa Jawa kang nduweni titikan yaiku nggunakake leksikon krama. Afiks kang ana sajrone ragam krama kayata afiks dipun-, -ipun, lan -aken. Ragam krama digunakake dening wong kang durung akrab lan dening wong kang rumangsa dheweke nduweni status sosial kang luwih endhek tinimbang mitratature. Ragam krama nduweni rong wujud varian yaiku krama lugu lan krama alus.

Sipate diksi ing panliten iki ana telu, yaiku sosial, spiritual, lan estetik. Spiritual miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* yaiku nduweni sesambungan klawan jiwa. Anane sipat spiritual sajrone karya sastra mujudake bebener sastra iku dhewe. Sosial miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* nduweni teges gegayutan klawan masyarakat. Anane karya sastra luwih akeh ditemtokake karo masyarakat tinimbang nemtokake (Ratna, 2013:279). Estetik sastra minangka aspek-aspek kaendahan kang kinandhut sajrone sastra. Aspek antarunsur karya mujudake aspek keseimbangan kang dinamis. Sajrone karya sastra, keseimbangan antarunsur mujudake unsur kang wigati, nanging sajone bidhang sasatra, aspek basa mujudake aspek kang paling bisa narik kawigaten.

Lelandhesaning Teori

Teori kang digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku teori pamilihe tembung (diksi). Teori diksi kang digunakake yaiku teorine Keraf. Keraf (2005:24) ngandharake yen diksi mujudake panganggone tetembungan kanggo medharake sawijine gagasan, awujud bentuk kelompok tetembungan utawa *ungkapan-ungkapan* kang trep, lan gaya kang paling apik nalika digunakake ing kahanan tartamtu.

METODHE PANLITEN

Jinis lan Sipate Panliten

Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif. Metodhe iki digunakake dening panliti kanggo ndheskripsikake dhata kang awujud tembung-tembung kang katulis ing antologi LA. Metodhe iki uga digunakake panliti kanggo ngudhari wujud diksi sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA. Panliten iki asipat sinkronis amarga nлити basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Bab kuwi selaras karo basa kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku basa Jawa ngoko sajrone tulisan sastra utawa dudu sastra ing jaman saiki.

Dhata lan Sumber Dhata

Panliten iki nggunakake sumber dhata awujud cerkak ing antologi LA anggitane SSA, kang diterbitake dening "*Sahabat Mandiri*" Surabaya taun 2013 lan karakit saka 163 kaca. Samak ngarep wernane ireng, kang ana gambare wong lanang loro lan wong wadon siji. Samak mburi isine panguntap dening Sugeng Adipitoyo. Sajrone antologi cerkak kasebut isine ana 20 cerkak.

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa tembung, frasa, ukara lan liya-liyane sajrone antologi cerkak LA kang ngandhut diksi lan trep karo undheran panliten.

Instrumen Panliten

Panliti ing panliten iki dadi instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, njlentrehake dhata, lan nulis asil panliten iki. Panliti ing panliten iki dadi instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, njlentrehake dhata, lan nulis asil panliten iki. Instrumen panyekuyung ing panliten iki yaiku arupa laptop, pen, buku, lsp.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara nglumpukake dhata yaiku cara kang digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata (Arikunto, 2006:134). Ngumpulake dhata mujudake kagiyatan kang wigati amarga sajrone dhata kasebut ana informasi kang dibutuhake kanggo mangsuli sakabehane underan panliten. Carane nglumpukake dhata ing panliten iki, yaiku nggunakake teknik waca, cathet lan studi kapustakan.

Tatacara Njlentrehake Dhata

Teknik analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik analisis dheskriptif. Analisis dheskriptif iki bakal ngasilake dhata kang dheskriptif kang ana sesambungane karo tujuwane panliten. Dhata ing panliten iki cerkak-cerkak anggitane SSA.

Carane Nyguhake Asil Panjlentrehe Dhata

Asile panliten iki bakal dijlentrehake kanthi cara analisis informal. Dhata dijlentrehake kanthi nggunakake tetembungan kang lumrah. Tata cara nyguhake asil panjlentrehe dhata ing panliten iki, yaiku kanthi ngandharake asile analisis dhata kanthi sistematis skripsi.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Wujude Diksi

Wujude diksi ing panliten iki ana loro, yaiku kanthi cara *konvensional* lan *inkonvensional*.

Konvensional

Wujude diksi kanthi cara konvensional ing panliten iki ana telu yaiku tembung entar, paribasan lan pepindhan.

Tembung Entar

Tembung entar yaiku tembung kang tegese ora padha karo tegese asline. Wujud tembung entar kang ana sarjone cerkak ing antologi LA bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

- (1) *Ana sawijine calon manten sing digawa warga desa menyang kantor polisi. Perkara kuwi banjur dadi kembang lambe.* (CL. 9)

Pethikan (1) cerkak kanthi irah-irahan *Calon* ing ndhuwur yaiku ngemu anane tembung entar, kang bisa dideleng saka pethikan frasa *kembang lambe*. *Kembang lambe* sajrone pethikan (1) kasebut nduweni teges entar. Frasa *kembang lambe* kasebut nduweni teges kang beda karo teges asline. *Kembang lambe* ora ateges kembang ana lambe utawa salah sawijine jenenge kembang ing jagad iki, nanging nduweni teges dadi omongane wong liya. Dadi omongan wong bisa awujud omongan becik utawa ala. Frasa *kembang lambe* ing pethikan kasebut nggambarake ana sawijine calon manten kang digawa menyang kantor polisi krana perkara dhuwit palsu. Perkara kuwi dadi omongane masyarakat sadesa Andong Waringin.

Paribasan

Paribasan yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, ora ngemu surasa pepindhan, lan ngemu surasa wantah. Wujud paribasan kang ana sarjone cerkak ing antologi LA bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

- (2) *Omah-omah karo Saleh, uripe Tini katon bahagiya. Senadyan samubarange mung sarwa pas-pasan, nanging kabeh mau ora nglunturake rasa tresnane. Saben dina ngalor-ngidul runtung-runtung wong loro. Paribasane tan kena kaling-kalingan godhong salembur.* (LA. 48)

Pethikan (2) cerkak kanthi irah-irahan *Lintang Alit* ing ndhuwur yaiku ngemu anane paribasan, kang bisa dideleng saka pethikan ukara *tan kena kaling-kalingan godhong salembur*. Tembung *godhong salembur* nduweni teges kang padha yaiku *godhong salembur*. Paribasan kasebut nduweni teges hubungan kang raket banget. Paribasan kasebut digambarake sajrone cekak LA kang nyritakake kahanan bale wismane paraga Tini lan Saleh kang katon saya suwih saya raket anggone bale wisma. Sanajan, samubarange mung sarwa pas-pasan nanging sakabehe mau tetep disukuri lan katresnane ora ndadekake luntur. Apa maneh nalika paraga Saleh mangerteni yen bojone Tini lagi ngandhut kang njalari kahanan bale wismane saya katon bahagiya.

Pepindhan

Pepindhan ing panliten iki diperang dadi papat, yaiku bebasan, saloka, sanepa, lan candra. Salah sawijine tuladhane wujud diksi kang arupa pepindhan kaya ing ngisor iki.

- (3) *Nanging saperangan maling pranyata kudhung lulang macan, saengga angel kajiret nganggo ukuming Negara.* (M.58)

Pethikan (3) cerkak kanthi irah-irahan *Maling* ing ndhuwur yaiku ngemu anane bebasan. Ukara bebasan bisa dideleng saka pethikan ukara *kudhung lulang macan*. Ukara *kudhung lulang macan* mujudake ukara kang mindhakake kahanane wong kang seneng ngandelake kalungguhan. Ukara kasebut pangripta nggambarake tumindhake manungsa kang ala kang angel kajiret nganggo ukume Negara. Tegese bebasan *kudhung lulang macan* yaiku nggunakake kakuwatan utawa kekuwasan wong liya supaya diwedeni wong liyan. Duwe karep utawa gegayuhan, nanging anggone nglakoni ngandelake wibawa pawongan kang diwedeni dening masarakat, ora nggunakake katiyasane dhewe. Bebasan kasebut digunakake pangripta sajrone cerkak *Maling* digunakake kanggo nggambarake panguripane pawongan kang senengane ngandelake wibawa pawongan kang duwe kalungguhan dhuwur. Wibawa kasebut dimanfaatake kanggo nipu utawa meksa pepenginane supaya bisa kecabul.

- (4) *Pokoke yen nganti dheweke antuk bukti menawa kancane kuwi wani slingkuh kao bojone, tenan, baratayuda gagrag anyar bakal dumadi, ngono grenenge Irul jroning batin.* (LA. 51)

Pethikan (4) mujudake ukara ngenani panganggone saloka kang digunakake dening panganggit sajrone cerkak ing antologi LA. Pethikan kasebut minangka pethikan saka cerkak kanthi irahirahan *Lintang Alit*. Anane saloka bisa dideleng saka ukara kang kacethak kandel yaiku ukara *baratayuda gagrag anyar*. Ukara kasebut mujudake ukara kang dipindhakake, kang dipindhakake yaiku wonge. Tembung *baratayuda* ing ukara kang dikarepake dudu *baratayuda* kang ana crita kakawin, nanging ateges pepindhane wong utawa wong dipindhakake *baratayuda*. Ukara saloka *Baratayuda gagrag anyar* digunakake dening pangripta sajrone cerkak *Lintang Alit* kanggo nggambarake paraga kang bakal perang nglawan wong kang tumindhak ala. Perang nglawan wong kang tumindak ala tegese sajrone cerkak LA yaiku wenahi ukuman marang wong kang tumindak sedheng karo bojone. Pawongan kang nduweni rasa sujana makentar-kentar kasebut kang diibaratake bakal ana perang baratayuda gagrag anyar kang bakal dumadi.

- (5) *Anggone mlaku wong telu banjur ridhik asu digitik.* (RJ, 107)

Pethikan (5) minangka dhata saka cerkak kanthi irah-irahan *Rajapati*. Pethikan kasebut ngemu anane sanepa. Sanepa kasebut bisa dideleng saka panganggone tembung *ridhik asu digitik*. Asu yen digitik utawa digandring kuwi mesthi bakal mlayu banter banget amarga wedi kena gitik. Digitik yaiku digebug nganggo gebug cilik dawa biyasane digawe saka wilah pring, carang, reneck, lsp. Sak rindhik-rindhike playuneasu digitik, kuwi mesthi isih tetep banter. Mula saka kuwi, wong kang playune banter banget, playune dipindhakake kaya rindhik asu digitik. Kanthi kaya mangkono pethikan (5) bisa dijlentrehake

yen paraga Wira Gati lan Warno Sulak anggone mlaku banter banget. Mlaku banter ateges mlayu cepet-cepetan supaya ora kesusul udan kang arepe ceblok.

a) Candra

Candra yaiku nggambarake kaendahan utawa kahanan sarana pepindhan. Anane candra sajrone cerkak ing antologi LA bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

- (6) *Rambute rebondhingan ngrembyak sapundhak. Pakulitane putih resik. Nganggo clana jean's las kaosan siset. Senajan ora ana make-up ing praehane, nanging katon sumunar merak ati. Mripate blalak-blalak kaya lintang alihan.* (K.114)

Pethikan (6) mujudake dhata ngenani panganggone candra kang digunakake dening panganggit sajrone cerkak ing antologi LA. Pethikan kasebut minangka pethikan saka cerkak kanthi irah-irahan *Koran*. Anane candra bisa dideleng saka pethikan ukara *Rambute rebondhingan ngrembyak sapundhak. Pakulitane putih resik. Nganggo clana jean's las kaosan siset. Senajan ora ana make-up ing praehane, nanging katon sumunar merak ati. Mripate blalak-blalak kaya lintang alihan.* Ukara kasebut nggambarake kahanan nalika panganggit ndeleng praehane wong wadon ayu kang dipindhakake kaya cahya kang sumunar lan duwe mripat kang dipindhakake kaya lintang alihan. Kahanan kasebut pangripta ateges ndeleng kanthi tumemen, saengga bisa nggambarake bab kang kaya mangkono.

Inkonvensional

Panganggit milih wujud diksi kanthi cara *inkonvensional* ing antologi LA yaiku kanthi cara uwal saka *konvensi* kang wus ana. Andharan kasebut bisa dideleng ing ngisor iki.

- (7) *Ana sing duwe panganggep menawa kahanane Suro Kluweng sing aneh kuwi amarga dheweke stress, mikir ora duwe turun.* (SW.132)

Pethikan (7) mujudake carane panganggit milih tembung kang uwal saka konvensi. Pethikan kasebut minangka pethikan saka cerkak kanthi irah-irahan *Suro Kluweng*. Bab kang uwal saka konvensi dituduhake lumantar tembung *stress*. Tembung *stress* asale saka tembung *stres*. Anggone panganggit menahi dobel wanda /s/ ing tembung *stres* kuwi nggambarake utawa ekspresi panganggit nggambarake kahanane paraga Suro Kluweng kang lagi stres banget mikirake kahanane kang sumpek banget marang utang piutange. Anane wanda dobel /s/ sajrone cerkak kasebut mujudake bab kang uwal saka *konvensi* kang wis ana.

Sumber Diksi

Sumber diksi sajone antologi LA nggunakake

ragam basa. Ragam basa yaiku *varian* sawijine basa miturut panganggone kang beda-beda miturut topik kang dirembug, miturut gegayutane pamicara, mitrawicara, sarta saka medhium bahan rembugan (Depdikbud, 1996:920-921). Salah sawijine tuladha ragam basa ing sajrone cerkak ing antologi LA bisa diweruhi ing ngisor iki.

- (8) *“Palupi, uwis anggonmu nangis. Mundak ditonton wong akeh. Saiki aku wis ngreti apa karepmu sing dadi pranata acara kok kudu aku,” swarane Danar alon nanging cetha.* (AS. 7)

Pethikan (8) cerkak kanthi irah-irahan *Angin Sore* ing ndhuwur mujudake panganggone ukara ragam basa saka tembung basa Jawa ngoko lugu. Pethikan (8) ukara kasebut sekabehane nggunakake leksikon ngoko tanpa nggunakake leksikon krama, krama inggil utawa krama andhap. Ukara kasebut lumrahe digunakake dening wong cecathuran marang kanca lan kanca sebaya. Andharan kasebut digambarake dening panganggit saka cecaturane paraga Palupi lan Danar. Paraga Palupi lan Danar ing pethikan (8) nggunakake basa ngoko lugu amarga Palupi lan Danar minangka kanca nalika kuliyah ana ing Surabaya.

- (9) *Alhamdulillah, dene isih ana wong sing gelem migatekake awake dhewe kanthi cara nggawakake jajanan barang, “ sambunge Bu Murti sajak bungah.* (SR.144)

Pethikan (9) ing ndhuwur mujudake panganggone tembung basa Arab. Pethikan kasebut kapethik saka cerkak kanthi irah-irahan *Surup*. Panganggone basa Arab bisa diwawas saka tembung kang kacethak kandel sajrone pethikan (9) ing ndhuwur. Pethikan (9) panganggone basa Arab bisa diwawas saka tembung *alhamdulillah*. Tembung kasebut nduweni teges yaiku minangka rasa syukur marang Gusti kang Maha Agung. Pethikan kasebut rasa syukur krama pagelaran kethoprak kang dianakake ing dina kuwi mau akeh kang nontok sarta rombongan kethoprak antuk jajanan saka para pamirsane.

Sipate Diksi

Sipate diksi sajrone panliten iki ana telu, yaiku sosial, spiritual lan estetik. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Sosial

Sosial minangka sifat dhasare saben manungsa. Sastra nduweni paedah sosial lan ora asipat pribadhi. Sipat sosial sajrone sastra (cerkak) minangka wewujudan saka apa kang dirasakake dening panganggit marang kahanan sakupenge. Sipat sosial bisa ditemokake sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

- (10) “Wit ringin jejer wit prih, kayu nangka dicancang kawat, milih pemimpin aja angger milih, goleka sing gelem mikirna rakyat”. (KeS.25)

Pethikan (10) ing ndhuwur mujudake cerkak sosial. Pethikan kasebut dijupuk sajrone cerkak ing antologi LA kanthi irah-irahan *Kendhange Sarman*. Saka ukara kasebut nuduhake menawa panganggit awèh pesen marang masyarakat. Menawa milih pemimpin milih pemimpin kang gelem mikirake rakyat. Aja angger milih pemimpin kang amung seneng awèh janji-janji wae, nanging pemimpin kang gelem nglakokake apa kang dijanjkake marang masyarakat. Kamangka ing jaman saiki akeh masyarakat milih pemimpin mung angger milih wae, masyarakat milih pemimpin menawa diwenehi samubarang.

Spiritual

Sipat spiritual bisa ditemokake sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

- (11) *Sukur yen ngono, ateges sedhela maneh aku bakal diceluk bapa, lan awakmu diundang ibu.* (LA.48)

Pethikan (11) mujudake dhata kang kapethik saka cerkak kanthi irah-irahan *Lintang Alit*. Pethikan ing ndhuwur minangka dhata kang ngemu sipat spiritual. Sipat spiritual kang dimaksud bisa ditemokake saka tembung *sukur*. Tembung *sukur* kang digunakake dening panganggit dituduhake marang Gusti Pengeran. Rasa sukur kasebut digunakake kanggo nggambarake rasa matur nuwun marang Gusti Pengeran karna wus diwenehi putra sajrone panguripane. Kahanan kuwi ora bakal kawujud menawa Gusti Pengeran ora ngijabahi.

Estetik

Estetik sajrone *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (KBBI) nduweni teges kaendahan. Estetik sajrone karya sastra mujudake aspek kang wigati. Daya estetik digunakake dening panganggit sajrone karya-karyane. Daya estetik bisa ditemokake sajrone cerkak ing antologi LA anggitane SSA. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

- (12) *Adzan Maghrib keprungu gumantong, saut-sautan saka masjid siji lan sijine. Swara adan kuwi wektu iku banget diantun-antun dening wong muslim sing lagi padha nindakake ibadah pasa romadhon. Sanalika rasaning ati dadi ces anyles kaya kesiram banyu telaga.* (CLK.15)

Pethikan (12) mujudake dhata kang kapethik saka cerkak *Culika*. Dhata kasebut ngemu daya estetik kang bisa ditemokake saka ukara ing ndhuwur. Daya estetik kang kinandhut sajrone pethikan cerkak ing ndhuwur yaiku jlentrehan ngenani wong-wong nalika buka pasa sawuse nindakake pasa romadhon.

Panganggit njlentrehake kanthi migunakake tembung-tembung kang endah, kayata *rasaning ati dadi ces anyles kaya kesiram banyu telaga*. Panganggone tembung kasebut nggambarake rasa atine wong muslim nalika buka pasa. Wektu kang diantun-antun nalika srengenge awit jumbul nganti angslupe srengenge. Rasa ati kasebut digambarake karo klausa *rasaning ati dadi ces anyles kaya kesiram banyu telaga*, klausa kasebut nggambarake rasa ati kang seneng banget.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan asil panliten kang wis dilakokake tumrap cerkak ing antologi *Lintang Alit* anggitane Sumono Sandy Asmoro, asil panliten nuduhake anane maneka warna wujud diksi. Wujud diksi ing panliten iki dilakokake kanthi rong cara yaiku kanthi cara *konvensional* lan *inkonvensional*. Wujud diksi kanthi cara konvensional ana telu yaiku tembung entar, peribasan lan pepindhan. Panliten asring nggunakake wujud diksi kang arupa tembung entar lan pepindhan. Pepindhan ing panliten iki diperang dadi papat yaiku, bebasan, sanepa, saloka lan candra. Pangripta asring nggunakake pepindhan kang arupa bebasan lan candra tinimbang saloka lan sanepa. Wujud diksi kanthi cara inkonvensional dilakokake kanthi cara uwal saka konvensi kang wus ana. Panganggit nuduhake wujud diksi kanthi cara *inkonvensional* asring nggunakake tetembungan kang uwal saka konvensi kang ana. Uwal saka konvensi kang wus ana sajrone cerkak antologi LA kayata asring nggunakake tetembungan basa Indonesia dipeksa dadi basa Jawa. Sumber diksi ing antologi nggunakake ragam basa, ing antarane yaiku ragam basa ngoko, basa krama lan basa campuran (Jawa-Indonesia, Jawa-Inggris, Jawa-Arab). Sipat diksi ing panliten iki ana telu yaiku sosial, spiritual lan estetik. Sipat diksi kang asring digunakake dening panganggit yaiku sipat sosial lan estetik. Panganggit SSA nduweni titikan saben panjengane ngripta karya sastrane. Titikan kasebut yaiku SSA asring ngripta karya sastra kang asipat sosial. SSA asring nggunakake sipat sosial sajrone reriptane. Sipat sosial kasebut dijupuk saka kahanan ing sakupenge lan SSA anggone ngripta uga asring nyritakake apa kang tau panjenengane alami. Tuladhane reriptan kang diripta dening SSA minangka pengalaman pribadhine yaiku cerkak kanthi irah-irahan *Lintang Alit*. Cerkak *Lintang Alit* minangka cerkak kang diripta dening SSA kang dijupuk saka pengalaman pribadhi panjenengane.

Pamrayoga

Panliten iki diajab supaya bisa nambahi kawruh ngenani basa sajrone karya sastra tumrap para panulis lan pamaca. Panulis nduweni pangarep-arep supaya panliten iki bisa nambahi wawasan lan kawruh luwih jero ngenani karya sastra basa Jawa mligine babagan pamilihe tembung sajrone karya sastra.

Saliyane iku panliten iki uga dikarepake bisaa dadi referensi sajrone nindakake panliten-panliten liyane kang saemper kang ana gegayutane klawan basa sajrone karya sastra, mligine ing babagan pamilih tembung.

Kapustakan

- Al-Ma'ruf, Ali Imron. 2009. *Stilistika*. Surakarta: Cakra Books Solo.
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Asmoro, Sumono Sandy. 2013. *Lintang Alit*. Surabaya: Sahabat Mandiri.
- Chaer, Abdul. 2003. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Djajasudarma, Fatimah. 1995. *Semanti 1: Makna Leksikal dan Gramatikal*. Bandung: Refika Aditama.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Medpress.
- Keraf, Gorys. 2009. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Penerbit PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Moleong, Lexy. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya bekerja sama dengan Pixel Production
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Pres
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Jogjakarta: Gajah Mada University Press.
- Padmoesoekotjo. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Purworedjo:
- Poerwadarminta. 1953. *Baoesastra Djawi*.
- Pradopo, rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta: Gadjah Mada Uneversity Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Tekhnik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bungah Rampai Stilistika*. Jakarta: Grafiti.
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Jakarta: Alfabeta.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim Penyusun Pusat. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.

- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia.
- Widi, Restu Kartiko. 2010. *Asas Metodologi Penelitian*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Widada, dkk. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Edisi Kedua*. Yogyakarta: Kanisius
(<https://id.m.wikipedia.org/wiki/RagamBahasa>)

Lampiran

- (1) *Ana sawijine calon manten sing digawa warga desa menyang kantor polisi. Perkara kuwi banjur dadi kembang lambe.* (CL. 9)
- (2) *Omah-omah karo Saleh, uripe Tini katon bahagiya. Senadyan samubarange mung sarwa pas-pasan, nanging kabeh mau ora nglunturake rasa tresnane. Saben dina ngalor-ngidul runtung-runtung wong loro. Paribasane tan kena kaling-kalingan godhong salembar.* (LA. 48)
- (3) *Nanging saperangan maling pranyata kudhung lulang macan, saengga angel kajiret nganggo ukuming Negara.* (M.58)
- (4) *Pokoke yen nganti dheweke antuk bukti menawa kancane kuwi wani slingkuh kao bojone, tenan, baratayuda gagrag anyar bakal dumadi, ngono grenenge Irul jroning batin.* (LA. 51)
- (5) *Anggone mlaku wong telu banjur ridhik asu digitik.* (RJ, 107)
- (6) *Rambute rebondhingan ngrembyak sapundhak. Pakulitane putih resik. Nganggo clana jean's las kaosan siset. Senajan ora ana make-up ing praehane, nanging katon sumunar merak ati. Mripate blalak-blalak kaya lintang alihan.* (K.114)
- (7) *Ana sing duwe panganggep menawa kahanane Suro Kluweng sing aneh kuwi amarga dheweke stress, mikir ora duwe turun.* (SW.132)
- (8) *“Palupi, uwis anggonmu nangis. Mundak ditonton wong akeh. Saiki aku wis ngreti apa karepmu sing dadi pranata acara kok kudu aku,” swarane Danar alon nanging cetha.* (AS. 7)
- (9) *Alhamdulillah, dene isih ana wong sing gelem migatekake awake dhewe kanthi cara nggawakake jajanan barang, “sambunge Bu Murti sajak bungah.* (SR.144)
- (10) *“Wit ringin jejer wit prih, kayu nangka dicancang kawat, milih pemimpin aja angger milih, goleka sing gelem mikirna rakyat”.* (KeS.25)
- (11) *Sukur yen ngono, ateges sedhela maneh aku bakal diceluk bapa, lan awakmu diundang ibu.* (LA.48)

*(12) Adzan Maghrib keprungu gumantong, saut-sautan
saka masjid siji lan sijine. Swara adan kuwi wektu
iku banget diantu-antu dening wong muslim sing
lagi padha nindakake ibadah pasa romadhon.
Sanalika rasaning ati dadi ces anyles kaya
kesiram banyu telaga. (CLK.15)*

